VOLKSHOCHSCHULE OÖ
INSTITUT INTERKULTURELLE PÄDAGOGIK
zusammen-bilden

# ТIетуху(+).Дукху меттанаш хаар
# Бартагочдарш а, гочдаран тобанаш а Iамор

„Дукху меттнаш хаа хьуна - йоккхачу гIаланан догIанаш ду-кх хьоьгахь“ (Вольтер)




"ТIетуху(+).Дукху меттанаш хаар. Бартагочдарш а, гочдаран тобанаш а Iамор" - дукху меттанаш хуучу адамашнаъ, гочдархошнаъ я гочдеш болх бан луучу наханаъ лерина проект ю. Шайн балха тIехь гуттараъ бес-бесарчу къаьмнийн гIиллакхаш, Iадаташ, цу Iадаташцаъ, гIиллакхашцаъ йоьзна халонаш тидаме оьцуш болх бан аьтто беш лерина проект ю и.

Шайна хууш долчу меттанийн гIирс, шайна мел хуу дешнаш лело дезаш ду цу проектехь, хIунда аьлча муллхачу къомаца довзарехь а , кхетарехь а халонаш йоцуш чекхдовлийта.

## Iалашонаш

- Гочдарехь къаьмнашна вовшех кхетаа, Iамош духе кхиаъ гIодар
- Бес-бесарчу юкъараллин маттахь хаа аьтто болуш дош багадерзор.
- Гочдархой бовзийтар, тобанашца цхьанатухуш.
- Регионан а, кIоштан а белхалой гочдарна юкъбалор.
- ХIора дакъалацархочуьнан адамин а, дукхачу кьаьмнин а юкъаметтигах доьзна хаарш лакхдахар.
- ХIума шатайпа гар - дукху меттанашца боьзна синхаам лакхабакхар.
- Адамин вовшашца йолу уьйраъ, цхьанкхетар а чIагIдар.

## Проектан программ

Кху проектаца йолчу программо дукху пайдехьа хаарш, керланиг Iамадо: муха болх бо гочдархочо, хIун тидаме эца деза цо икхд.

Iаморан меттиг гуттараь цхьаъ яц, хан ерриге цхьанатоьхча 4 бутт бу. Проекто чулоцу 32 хьехамаш 4 тайпана болу. Цхьана тайпана чубогIу 8 хьехам.
Iамор чекхдаьлча къаьмнин юкъара хьехархойн институтехь гочдархо санна балха хIотта аьтто хила тарло. Иштта хIорачу кIоштехь кегийра белхаш каро а мега, масала, муьлхачу а вовшахкхетаршкахь бартагочдар, йозанин белхаш гочдар икхд.

Tschetschenisch

LAND OBERÖSTERREICH
ist Integrationsstelle Oberösterreich